**Темэр:** «Адыгэм уи жьыр къысщIихухукIэ сэ мафIэ гуащIэурэ сыблэнщ…»

**Мурадыр:** Урыс – Кавказ зауэм адыгэ лъэпкъым къыхуихьа гуауэшхуэм, тхьэмыщкIагъэм, къулейсызыгъэм еджакIуэхэр щыгъэгъуэзэн;
-«ИстамбылакIуэ, е Дуней псом къыщыхъуа мыгъуагъэхэм я нэхъ дыдж», - псалъэхэм я мыхьэнэр зэхегъэщIэн;
-БлэкIам и дерсхэм щыуагъэхэм дыщахъумэн зэрыхуейр егъэщIэн.

Урокыр щекIуэкIыну кабинетым темэм теухуа тхылъхэмкIэ выставкэ щIын.

**Тхауэ фIэлъынухэр:**

«Дуней псом нэхъ хахуэ дыдэу тет лъэпкъхэм ящыщщ шэрджэсхэр» Ф. Канитц
«Адыгэхэм нэхъ лъэпкъышхуэрэ нэхъ лъэщрэ искъым Кавказым» О. Маркграф.
«Адыгэхэм къапэлъэщын щыIэнутэкъым, зэгурыIуэрэ зы дзэпщым и унафэм щIэуватэмэ» И. Барбаро.
«Зэман блэкIам дерс къыхэзымых лъэпкъым и къэкIуэнур блэкIащ» Бейтыгъуэн С.

1. ***Экраным видео къредзэ макъамэ щ1эту (дакъикъи 4-5), ар и к1эм щынэсым, сценэм къимыхьэу ц1ыхухъу макък1э:***

Лъэпкъ щ1ыхьым зи псэр шэпэ1удз хуэзыщ1у,
Яук1ыхунк1э бийм хуимык1уэтахэм,
Хьэжрэту мыжурэпэм ирихужьэу,
Истамбылак1уэ гъуэгум тек1уэдахэм
Щана псэ нэхухэм я фэеплъщ мы сынри,
Адыгэ, зэтеувы1и хуэгумэщ1….

Ныбжьэгъухэ! Кавказ зауэжьым игъэна ц1ыхупсэ минхэм, щтап1э ихьэжу Истамбыл гъуэгужьым тек1уэдахэм, Хэкужьымк1э къаплъэурэ хьэжрэту зи гъащ1эр зыухахэм дахуэвгъэщыгъуэ щыму зы дакъикъэ….

***Пауза – минута молчания – ар ек1уэк1ыху Мысостышхуэ Пщызэбий и макък1э усэм щыщ пычыгъуэ къоуэ, сыным и теплъэр экраным итщ.***

1. ***Адыгэ фащэ ящыгъыу щ1алэрэ хъыджэбзрэ сценэм къохьэ – мыхэр сценэбгъум мэуври, зэ1ущ1эр иухыху итщ***

<u>*Щ1алэм:*</u> лагъымым къриуда щ1ы щхьэфэр п1алъэ гуэр док1ри хогъуэщэж, щ1ыфэм игъуэта у1эгъэри зэманым дожэпхъыж … ауэ щы1эщ зэи мык1ыж у1эгъэ – ар псэм къытехуэ удынырщ.

*Пщащэм:* псэ узыр гущ1эгъуншэщ: ар къэятэжурэ, ц1ыхур къыхигъэск1ык1 зэпытурэ йок1уэк1. Апхуэдэ щытык1эм хэмык1ыурэщ адыгэр зэрыпсэуар иужь л1эщ1ыгъуэхэм.

*Щ1алэм:* нэщ1эбжьэу адыгэхэм къыхуиуха псом я лейт епщык1убгъуанэ л1эщ1ыгъуэм лъэпкъым къытепсыха насыпыншагъэр. Упщ1э куэд, гукъеуэ мыухыж пыщ1ащ мы упщ1эм. Абыхэм я жэуап къалъыхъуэ тхыдэтххэми, ц1ыхубэ лэжьак1уэхэми, политикхэми…

*Пщащэм:* Сыт хуэдэ упщ1эми жэуап хуэбгъуэтынщ, ауэ лъэпкъым и гуузыр, и гухэлъыр щызу къыпхуэ1уэтэнукъым ц1ыхупсэм и къэ1уэтак1уэ литературэр хэмыту, лъэпкъ гъыбзэхэм ущ1эмыдэ1уу.

2. **Истамбылак1уэ уэрэдыр**

***------- экранми видео, истамбылак1уэ теплъэхэр зи1э сурэтхэр, итщ***

3. ***сценэм фащэ зыщыгъ щ1алэ къохьэри, Багъ Яшар и усэ «Дэшэхыгъуаф1э дыхъуат» жыхуи1эм къоджэ.***

Дэшэхыгъуаф1э щхьэ дыхъуат?

Багъ Яшар

Мо дыгъэр, мазэр, вагъуэхэр, Щыхьэт техъуэнущ а къэхъугъэм:
Ди къуршхэр, хыр, адыгэ лъахэр Дэгу1эрт щ1ыгум къихъухьам.
Илъэс мыгъуэжьырт а лъэхъэнэр – Л1эщ1ыгъуэ зауэр щиухарт.
Ди хуэкужь куэщ1ым бийр щыпэк1урт, Истамбылак1уэм щыщ1идзарт.
Жэщ к1ыф1ым хэту мак1уэ шур, И закъуэу гъуэгум ныхегъэщ1.
Къуэш, бын и1ахэр бий ерум Къелакъым - я псэр хъуащ шэхьид.
Иджы 1эщ1ок1ыр зым пимыщ1ыр, Лъынтхуэу 1эпкълъэпкъым хатхъыр ар.
Щхьэхуимыт лъахэм сыт къинар? И шы нат1эхурщ къыхуэнар.
Къопсыхыр шыми хет1э сэшхуэр, Къытохьэ къафэу ислъэмей.
Гу1эгъуэм хуещ1ыр шейт1ан джэгур, И нэпс къыф1ок1уэр хуэмеяу.
И къамэм жэщыр ныхеупщ1э, Пегъэщ зы тхьэмпэ дей хуэлам.
Щ1ыгужь и ят1э нык1уэц1елъхьэ, гуф1ак1эм делъхьэ тыгъэ хъуар.
Нэсащ нэхущым Т1уапсэ, хьэдрыхэ лъапсэщ щепсыхар:
«Ей, си адыгэ, си нэ – си псэ, дауэ фык1уэдт си лъэпкъ псыхьар?!»
Бэгащ хы 1уфэр адыгэкхъэу, къэнар псэунуи хуэмеиж.
Ещып тырку кхъухьым хъуапсэнэ1уу – адыгэ л1акъуэр зэщ1екъуэж.
Къолъэтыр и гур хуэмыубыду, Щолэхъу сэламыр ирехыж:
«Ихьэж къурш бгъущ1ым емылыджу, Щхьэхуиту псэу, си къуэш, хыхьэж!»
И нат1эм ба хуещ1ыж иужьу, И тхыц1эм щабэу 1э делъэж.
Шым зэхищ1ащи, щтэ1эщтаблэу Кхъухьым ит1ысхьэм хуоплъэк1ыж.
Ауэ илъагъур сыт телъыжэ – И хуарэр зэу 1умп1аф1э хъуаи,
Хамэ зауэл1ыр къызэреджэу и ужь иувэри 1ук1аи!
«Фэ, ди къуршыжьхэ, нэпс щ1эвгъэк1ыр Псы абрагъуэу хым хохуэж
Дэшэхыгъуаф1э хъуащ тхьэмыщк1эр, Л1ыхъур тесыжкъым - псэр мэгыз!»
Нат1эху иужьу 1э хуещ1ыжыр, И нэпсыр нап1эм имыхуэж.
Ича лъэбакъуэм хущ1огъуэжыр, И шым зыхуидзу къыщ1о1эж.
Тырку капитаным къегъэувы1э, Бзэ имыц1ыхумк1э къоущий.
Мэхъу и шым ещхьу ар 1умп1аф1э, И уж йоувэ тырку уэлийм…

***Усэм къеджа нэужь, ар ик1ыжкъым, нэщхъейуэ зы лъэныкъуэ деж щыт шэнтым тот1ысхьэ.***

4. ***фащэ зыщыгъ пщащэ къохьэри, Зэхърэ Омер и монологым къоджэ, щ1алэм зыхуигъазэурэ.***

   Ещанэ махуэм кхъуафэжьейм драгъэт1ысхьэри кхъухьым драшэл1ащ. Абы ц1ыхухэри хьэпшыпхэри изт: ф1еимэмрэ пщ1энт1эпсымэмрэщхьэ куц1ыр ирасык1ырт. Кхъухьыр гъуагъуэщ, гъуахъуэри, зигъэдэдийуэ ежьащ, тхъурымбэ хужьыр лъэужьу къигъанэу. Гъыбзэми аргуэру зи1этыжащ: «И пэри Щамщ, и к1эри Щамщ…»

   Уэ уиувык1ауэ утетщ кхъухьым и бгым, Лъахэм и иужьырей теплъэр уи нит1ым щыз пщ1ыж хуэдэ. Уи нэпсыр уи жьак1э ныкъуэтхъум хэлъэдэжауэ къыпож. Игъащ1эм мыр ет1уанэу узолъагъу угъыу. Къэзакъхэм гъуанэ шыбзэ ящ1а уи къуэр уи 1эпл1эм илъу укъыщыдыхьэжами, уи нэпс ц1ыху къытеплъакъым… Ауэ ар иджы зыми щыбгъэпщк1уртэкъым.

   … Иужь дыдэу уиш Ф1ыц1э и гъусэу мэзым ущык1уам, сэри щэхуу сыныфк1элъык1уат. Ф1ыц1э и нат1эм хэт вагъуэм ба хуэпщ1ыжри жеп1ащ:

   «Сы1эмалыншэщ, Ф1ыц1э! Си гур мэуз, си псэр къызодауэ, си 1эхэри къысхуэ1этыркъым…ди бгыр и курыкупсэм деж щызэф1ащ1ык1ащ… уздэсшэфынукъым сыздэк1уэм, бийми укъыхуэзгъэнэфынукъым, лъэпкъ л1ыгъэм и нэщэнэ! Дэ дызыхуэк1уэр тщ1эркъым. Сызэригугъэмк1э, ди джэбыныпхъэр ди 1эк1э зэ1удощэж, ди мащэри ди 1эк1э къыдот1ыж. Уэ мыбдеж щылъ мамыру, зэгуэр зэ мыбддеж дыщэзэрихьэл1эжынщ. Сэ сщ1эркъым дэпщэщ сыкъыпхуэк1уэжыфынуми, ауэ си псэр къыпхуэсхьэсыжынщ… укъызэмыжьэ, нэгъуэщ1и уи бгым нумыгъэс! Къысхуэгъэгъу, Ф1ыц1э!...»

   …Уи нит1ым къыщ1ик1утык1 нэпсым уи напэри уи бгъафэри зэрыщыту псыф ящ1ат… Ф1ыц1э и щхьэр епхьэхри и нат1эм тет вагъуэм к1эрахъуэр тебгъэуащ. Лъыр уэру къыщиудауэ, зиутхыпщ1урэ, тхьэмыщк1эм и псэр хэк1ырт. Абы и нэшхуит1ыр къыптриубыдауэ къоплъырт, нэпсыр къыщ1элъэлъу. Уэри узэщыджэрт, сабийм хуэдэу…

--------- ***экраным ит видеом щ1эт макъамэр нэхъ лъагэ мэхъу, абы хэту хуэмурэ щ1алэри пщащэри йок1ыж.***

   _Щ1алэм:_ Щхьэхуитыныгъэм, хъуапсап1э лъагэхэм епха сыт хуэдэ дамыгъэри 1эщ1ахащ ди лъэпкъ уардэм, пэжым и телъхьэ, псори езым хуэдэу къызыф1эщ1 ди лъэпкъ дзыхьыщ1ым . щы1экъым зы лъэпкъи, адыгэм ф1эк1 мы зэхэфхынур жи1эфыну!

5. **фащэ зыщыгъ щ1алэ къохьэри Четин Омер) и монологым къоджэ.**

«Инджылызым л1ык1уэ къытхуещ1ри 1эщэр дымыгъэт1ылъыну, зауэр дымыгъэувы1эну къыдолъэ1у. Дэ топхэмрэ фочхэмрэ фэттынущ жа1э. Польшэм къик1ахэм къыддэзэуэну жа1эурэ маф1эм дыхэгъыхьэри, лъэныкъуэ зрагъэзыж. Франджхэм ди щ1ыбк1э ди унафэр ящ1. Тыркум динк1э дызщ, дэ фи щ1ыб дыкъыдэтщ, фезауэ урысхэм, фи зы щ1ы к1апэ евмыт, жа1эурэ драгъэухащ.

Хэт и тхьэм, хэти и пащтыхьым щхьэк1э дагъэзэуэну дыкъыхураджэ…

Дыхуейкъым фи тхьэхэми, фи пащтыхьхэми! Фэ фыкъэк1уэн ипэк1э дэ урысхэм мамыру, зэгъунэгъуф1ым хуэдэу дадэпсэуащ. Иджы фэ фыкъак1уэри зауэ дяку къыдэфлъхьащ.

Дэ езыхэм тхьэхэр ди1эжт, зым делъэ1урэ къытхуимыщ1эмэ, адрейм зыхуэдгъазэу! Фэ фыкъак1уэри дызэ1ыфщ1ащ! Зызыхуэдгъэзэну тхьэр дэтхэнэрами дымыщ1эжу дыкъэвгъэнащ!

Куэдщ ар, дрикъуащ зэуэнк1и лъы гъэжэнк1и! Лажьэншэу лъэпкъыр балыхь хэвмыдзэ!»

----- ***экраным зэзауэу, гуузу сурэтрэ видеорэ итщ.***
----***экраным итыр зэпыукъым***

6. *<u>Щ1алэм:</u>* хамэщ1ым лъэпкъым и къуэпсыи зыщидзынукъым ик1и зыщиубгъунукъым. Щытхъакъым зэи адыгэхэри егъэзып1э ящ1а щ1ыналъэхэм….
7. **фащэ ящыгъыу сценэм къохьэри, усэ еджак1уэхэр къоджэхэр, экраным макъамэ зыщ1эт усэхэм хуэк1уэ теплъэгъуэхэр итщ:**

«Тенджызым йопсалъэ ныуэжьыр»

Тенджызыр мэушэ, мэятэ, мэгубжь,
Толъкъунхэр губжьауэ псы нэпкъым йозауэ,
Илъагъу къыф1ощ1ри к1уэдахэм я ныбжь,
Мэгуф1э фызыжьыр, тенджызым 1ухьауэ.

1эмыщ1эм изыбзэу псы к1ант1эр къыщтауэ,
Йопсалъэ фызыжьыр, йоубзэ, йолъэ1у:
«Си лъэпкъым гу1эгъуэр и махуэщ куэд щ1ауэ,
Си лъэпкъым и гущ1эм гуф1эгъуэр щыгъэ1у».

Мэхъущ1эр тенджызыр, зешыхьыр гъуэжькуийуэ,
«Иджыри!» - жыхуи1эу, кхъухьыжьым йо1унщ1.
Зэрехьэ кхъухьыжьыр тенджызым къуэщ1ийуэ,
Адыгэм и гуауэр псыжь ябгэм е1упщ1.

Тенджызыр мыушэ, мыдзакъэ аслъэну,
Дзыхауэ къыпф1ощ1ыр к1уэдахэр игъей.
Си лъэпкъым и бынхэр, пшахъуэщ1ыр теп1эну,

Я лъахэм епщ1ыхьыу псы щ1агъым щожей…

Тодие нэужьым и нит1ыр тенджызым,
Бзылъхугъэм и нит1ым нэпс шугъэр щ1отк1ухь.
Ар зэуэ къыхощтри ироплъэ тенджызым –
Псы 1уфэм ерагъыу къпщыл1э зы кхъухь…

Къелак1эщ си лъэпкъыр, гуф1эгъуэм и жьант1эр
Лъысауэ си щ1эблэр Алыхьым къигъэхъу…
1эмыщ1эм изыбзэу къищтауэ псы к1ант1эр
Йопсалъэр фызыжьр, 1э делъэ, йохъуэхъу.

«Дынэк1уэжынущ хэкужьым» -
Сымыпсэужу жа1эми,
Сык1уэдыпауэ хахьэми,
Гъусэ си1энущ- зэвгъащ1э,
Къысхуагъэдахэу гъащ1эр.
Бзэ зимы1эж бзэншэхэр,
Ц1э зимы1эж ц1эншэхэр
Си гъусэу сынэк1уэжынущ-
Ди лъэпкъыр лъэрыхь хъужынущ.
Щ1эрыщ1эу сэ фхуэстхыжынущ
Хэхэсым и тхыдэ жагъуэр,
Ди бынхэми я1уэтэжынущ,
Я нэм тек1ыжынущи пшагъуэр.
Сыл1ауэ сэ зыгъэ1уахэм
Иращ1э, ук1ытэжынущ.
Гум телъа дыркъуэр мык1ыжыурэ
Лъахэм и дыркъуэр к1ыжынущ.
Дынэк1уэжынущ щхьэхуиту,
Адэжь бэракъыр тщхьэщыту,
Мы ди псэр илъу зы чысэ,
И дыгъэр хэти къыттепсэу.

«Ахын»

Пщэдджыжь нэмэзым жейбащхъуэ щIыкIэу,
Толъкъун абрагъуэр зэпходжэлыкI,
Салъкъын къыхихым, тIэкIуи сфIэщIыIэу,
Ауэ сфIэгуапэу зыкъызехьэкI.

Сох… Гу лъызмытэу лъэкъуампIэ сщIыхэм,
Жьым тенджыз ткIуэпсхэр къызекутэх,
Си ужьым иту псы кIапэ пыхухэм
Лъэужь къэзгъанэр иратхьэщIэх.

Сызыхишэнут. Сызэрехъуапсэм
Гу къылъитащи, зреIуэнтIыхь.
ЗыкърехьэкIыр си лъэдий пцIанэм,
Телъу къыфIощIри сэ си гуэныхь.

ЖеIэ зэпишу и щэху гъэ куэдкIэ
Адыгэ лъэпкъым къыхуэмыщIар,
Къэбэрдейм икIыу истамбылакIуэм
И Iуфэ бгъуфIэр щIыпэувар:

«СайIущэщати, сызэхащIыкIыу къыщамыгъазэм,
МэжэщIэлIагъи уэ бзаджи ахэм ясщIэкIыгъащ,
Къыфпэлъэщынур фэ насыпыншэхэм ажал мызагъэрщ, -
ЖысIэри, зыми щымысхь ажалым езгъэлъэхъащ.

Удз гъэгъа цIыкIухэр сэ къыщесхьэкIкIэ
Уи лъэпкъэгъу зи псэр абы хэжыхьахэм уэ ящIэдэIу,
Ирашэжьахэм залымыгъэ защIэкIэ пщащэ тхьэмыщкIэу
«Ди Хэку драшри дунэхъужащ дэ…» - гъыбзэ ягъэIу.

ЗыщIызолъафэри сэ согъэпщкIужыр я макъ гуузыр,
Гъыбзэм дежьу хы тхьэрыкъуэхэр зыщхьэщызоху,
Ауэ си губжьым зы къыщимыкIкIэ, Iэсэ сохъужри,
ЖыIэдаIуащэу дыгъэ нэбзийхэм хуит захузощI…»
Жэуапу стынур сфIэщIими си хьэзыру,
Зэхэтхъуэжауэ жысIэм зы къимыкI,
Е упщIэу сиIэр къызобэкI аргуэруи,
Жэуап къэслъыхъуэу Ахын сыхуоплъэкI:

«Ахын» щхьэхуит, уэ пщIыжыр уи унафэт,
Ажалыр уэ щхьэ уи чэнджэщэгъуа?
Лъэпкъ мылIыгъэншэм уи гур зэребгъар
Кърибгъэлъэгъуэну ар сыт напэт?

… Уэ зым птызолъхьэ псори, сыбэмпIащи,
Ахын, Ахын, ар уэ къысхуэбгъэгъунщ,
Зи хьэдэ уи толъкъункIэ щIэпIубахэм
СIурылъщи я бзэ, сызыхэпщIыкIынщ.

Си зэхуэдитIыр къыIунащ уи Iуфэм,
Уэ плIам я гъусэу ар спкърылIыкIащ.
Си зэхуэдитIыр адыгэ Хэку тафэм
Къина си лъэпкъым къуршу къыхуэкIащ.

Къыстепсэ дыгъэм сигъэхуабэ пэтми,
Псэ пцIанэр, пкъыр, уолъагъур, сыну жащ…
Ахын, Ахын, уэ пщIэркъэ, а IыхьитIыр
Зы цIыхурщ зиг ум щызэхэкIэжар!»

***

Сох… СокIуэтэх, къызэзнэкIыу лъэкъуампIэ.
Жьым тенджыз ткIуэпсхэр къызекIутэх.
Си ужьым иту толъкъуным щабэу
Псы Iуфэр бзэгукIэ ирелъэщIэх.

И гум темыхуэу ди зэдэуэкIэр,
Жьыр къызэдзакъэу сыкъыкIуокIыж,
ГукъэкIыж жыжьэ цIыхур зыукIыр
КъыткIэлъыпIащIэу зэщIепхъэнкIэж.

«Уэ уадыгэщ»

Бештокъуэ Хьэбас

Уэ уадыгэщ, дэнэ ущымы1эми,
Дунейр уи мылъкуми, зы апэсы уимы1эми.
Уэ уадыгэщи – уи лъахэмк1э еплъэк1,
Еплъэк1и хуэщ1э къыумыгъанэ плъэк1.

Уэ уадыгэщ, зи гур уз уи лъапсэм
И теплъэм дэнэ къик1ри зрегъэхъуапсэ,
Къехъуапсэм ищ1эркъым ди щ1ыр зыщ1ыр пшэр:
Лъы ящ1этарщ дядэжь, зытахэм псэр.

Уэ уадыгэщ. Ермоловым щ1ыгъуахэм
Щысхьрабгъу ямы1эу зи лъыр ягъэгъуахэм
Ура1ыхьлы – лыджанэщ, ул1эужьщ,
Упсэухунк1э ахэри псэунщ.

Лъы защ1эщ, гуауэщ агэм ди1эр тхыдэу,
Нэхъ мащ1эу дефэу, нэхъ мащ1эуи дышхыдэу,
Зыкъэзыщ1эж ди лъэпкъым хуэщхьэпэн
Хуэдлэжьмэ, хэкум псэуэ къыхэнэнщ.

Ди къуэпсыр куущ, ди тхыдэри лъы защ1эщ,
Къэтк1уа гъуэгуанэм къытхинэжари мащ1эщ,
Ит1ани псэуныгъэ – мурад гуащ1эр
Адыгэ хэкум ену хуэлэжьэху.

Уэрэду, щ1акхъуэ 1ыхьэу, гъатхэ псынэу,
Щ1эныгъэм ич лъэбакъуэу е псэуп1эу,
Сабий щыгъыныр зыгъэбыдэ дып1эу

Ди шэрджэс гъащ1эм ныхэтлъхьэхук1э 1уэху.

Хьэршым к1уэжахэм я псэр нэхъ зэгъэнущ,
Къызыхуеплъых ди гъащ1эр нэхъ гъэгъэнущ,
Псэум ди къалэн тэмэмри арагъэнущ,
Дехуэхыу – ди псэр хьэршым изэгъэху.

**10***<u>Щ1алэм:</u>* зэманыр зэи къэувы1эркъым. Уеплъурэ блэж псым хуэдэщ абы и дэтхэнэ дакъикъэри, махуэри, илъэсри – блэк1амэ, улъэ1эсыжынукъым. Ауэ зэманыр зэи пщ1эншэу к1уэркъым, лъэужьынши хъуркъым. Абы и 1эужьщ дунейм къыщыхъу псори. Насып уи1эмэ, ар угъурлыуэ къыщ1эк1ынщ.

8. *<u>Щ1алэм:</u>* Псэм и узыр зэи к1ыжкъым. Ауэ ц1ыхур ц1ыхуу щытынтэкъым, гукъэк1ыж имы1атэм, и блэк1ар щыгъупщэжу щытатэм.

   *<u>Пщащэм:</u>*нобэ зи гугъу тщ1ы гуауэшхуэм къигъэув упщ1эхэми зэи жэуап я1эну къыщ1эк1ынукъым, ауэ лъэпкъыр псэун хуейщ, и блэк1ам дерс къыхихыфу, и хабзэмрэ и бзэмрэ ихъумэжыфу, щ1эблэ нэс игъэсэфу.

   *<u>Щ1алэм:</u>* Апхуэдэ псалъэ гугъэ, ф1эщхъуныгъэ зыхэлъхэмк1э дэри ди нобэрей зэ1ущ1эр духынщ. Щремы1э зауэ! Ирещ1эращ1э ди щ1ыналъэ дахэу Къэбэрдей-Балъкъэрыр! Иугъащ1э ди лъэпкъ уардэм! Узыншэу, ф1ык1э дызэхузэ!